

Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON RÈGLEMAN ISTORIK POU RESPÈ
ANVIWÒNMAN AVÈK FMC CORPORATION**

Youn nan pi gran règleman pou anviwònman nan eta a pral egzije pou FMC okipe vyolasyon ak kontaminasyon istorik nan Konte Niagara epi ranbouse Eta a tout 31 milyon dola ki deja depanse yo pou netwaye sit la

Règleman an an gen ladan yon amann 2.4 milyon dola ak 1 milyon dola pou pwojè k ap bon pou anviwònman an

Eta a ap kontinye sipèvizè netwayaj konplè a apre plizyè dizèn lane degajman chimik soti nan lokal FMC a nan Middleport

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse règleman youn nan pi gran aksyon New York pou respè anviwònman nan listwa eta a. Règleman an egzije pou FMC Corporation netwaye asenik ak lòt kontaminasyon danjre ki touche zòn yo ki andedan ak toupre lokal li an nan Middleport, Konte Niagara, epi li gen ladan 2.4 milyon dola amann ak 1 milyon dola pou yon pwojè nan kominote a k ap bon pou anviwònman an.

"Lè sante kominote nou yo menase, n ap pousuiv emetè polisyon yo enèjikman epi fè yo rann kont sou aksyon yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Eta a deja ap travay seryezman pou pwoteje piblik la kont kontaminasyon FMC Corporation fè a epi akò aplikasyon global sa a egzije pou konpayi an ranbouse kontribyab yo plizyè milyon dola pou mezi netwayaj ki te pran deja epi pou li envesti plizyè santèn milyon dola anplis jiskaske travay la fini."

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te di, "Règleman enpòtan sa a se yon gwo viktwa pou jistis anviwònman ak yon gwo viktwa pou lwa estrik sou anviwònman New York mete anplas yo pou pwoteje sante piblik. Sa ki pi enpòtan, se yon viktwa pou rezidan yo nan katye Konte Niagara yo ki, gras a Òdonans pa Konsantman sa a, jwenn garanti emetè polisyon an ap netwaye kontaminasyon anviwònman an. Mwen fyè pèsèverans pèsònèl plen talan DEC a demontre nan lit tenas li an pou jistis epi nan demann li an pou yon plan toutbon pou finanse epi fini gwo netwayaj sa a".

Lokal FMC Corporation lan nan Middleport se yon faktori fòmilasyon ak anbalaj pestisid ki kouvri 41 ekta epi ki anvan sa te fabrike pestisid a baz asenik ak lòt pwodui chimik. Kontaminan ki prensipalman ap bay traka nan lokal sa a se asenik, yo detekte li nan nivo elve rive jiska 60,000 pati pa milyon (ppm) sou plas, epi apeprè 4,000 ppm andeyò lokal la. Pami lòt kontaminan yo gen klori metilèn, pestisid tankou DDT, ak lòt konpoze òganik ak mineral.

Enfiltrasyon dlo lapli ki pa kontwòl, inondasyon, devèsman, degajman, debòdman, ak depo lè, kontamine sediman, dlo sifas, tè, ak dlo sou teren nan pwopriyete lokal la epi nan zòn andeyò lokal la sa gen ladan pwopriyete rezidansyèl ak komèsyal ak pwopriyete Royalton-Hartland Central School ki sou kote a. Anplis de sa, kontaminasyon an emigre pou gen konsekans negatif sou plizyè kilomèt rivyè ak kannivo ki pi ba lokal FMC a, avèk konsekans negatif sou zwazo, pwason, ak vi sovaj la nan basen drenaj Jeddo ak Johnson Creek yo.

Pami mezi aplikasyon DEC pran yo gen yon òdonans pou konsantman ki egzije netwayaj tout zòn kontamine yo ni sou plas ni andeyò lokal la epi ki evite yon batay jidisyèl pwolonje ak chè ki t ap retade pwogrès netwayaj la pandan plizyè ane. Yo anile yon Òdonans Administratif pou Konsantman ki te la depi anvan 1991 avèk Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini an pou ranplase li pa yon nouvo òdonans DEC, ki egzije yon apwòch pi apwofondi pou okipe efè asenik al lòt pwodui chimik yo genyen sou lokal la, rezidans yo, lekòl la, ak resous natirèl yo. Pami pwen pi enpòtan yo nan nouvo òdonans pou konsantman an gen:

- FMC pral ranbouse Eta a 31 milyon dola pou kou ki gen pou wè avèk netwayaj ki te fèt jiska fen 2018 la. Fon sa yo pral retounen nan Pwogram Superfund Eta a kote yo kapab sèvi pou akselere lòt pwòje netwayaj esansyèl;
- Yo pwojè 1 milyon dola ki bon pou anviwònman an pou ede konpanse kominote a pou efè kontaminasyon FMC a kreye yo;
- FMC pral ranbouse DEC jiska 15 milyon dola pa ane pandan de lane k ap vini yo (2019-20) pou lajan Eta a te depanse pandan l ap fè netwayaj pwopriyete rezidansyèl ki toupre yo ak Royalton-Hartland School;
- FMC pral pran tout responsabite netwayaj yo apre 2020 avèk sipèvizyon DEC estrik jiskakse Eta a detèmine travay la fini;
- FMC pral peye amann 2.4 milyon dola pou rezoud plizyè dizèn lane vyolasyon nan lokal la. Yon pòsyon amann nan pral ede finanse pwojè restorasyon abita ki gen pou wè avèk efè pase sou vi sovaj la poutèt degajman pwodui chimik;
- Règleman vyolasyon anviwònman ki poko regle yo nan eta a pral ede konpayi an pwoteje djòb ki la deja yo nan lokal la epi pèmèt li planifye pou kwasans posib nan lavni;
- FMC pral finanse yon kontwòl anviwònman sou plas nan lokal la epi l ap mete sou pye yon plan jesyon lokal pou anpeche vyolasyon anviwònmanal nan lavni;
- Lokal la ap oblije modènize izin tretman dlo ize ki sou plas la nèt epi agrandi sistèm rekòlt dlo souteren an pou ofri kontwòl idwolik total epi anpeche pou kontaminasyon dlo souteren an kite lokal la; epi
- Yon gwo ogmantasyon nan asirans finansye a rive a 80 milyon dola pou garanti fon yo ap disponib pou okipe kontaminasyon an.

Kounye a se DEC k ap règleman lokal la kòm alafwa yon lokal Superfund Eta a ak yon lokal ki sijè a mezi koreksyon Lwa sou Konsèvasyon ak Rekipèrasyon Resous la (Resource Conservation and Recovery Act, RCRA). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou lokal la nan paj wèb DEC a sou Lokal FMC a nan Middleport:

<https://www.dec.ny.gov/chemical/54220.html>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)